



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**PANDAN KONTRANDI SOU CORONAVIRUS LA, GOUVÈNÈ CUOMO BAY DEKRÈ EGZEKITIF POU PÈMÈT ETA A OGMANTE KAPASITE LOPITAL**

***Eta a Ap Prepare Gad Nasyonal la, Sendika Konstriksyon ak Devlopè Prive yo pou Idantifye Sit pou Renove Imèb ki Egziste Deja epi Konvèti Yo an Etablisman Medikal - Objektif pou Kreye 9,000 Kabann Adisyonèl***

***Òdone Mendèv ki pa Esansyèl nan Tout Eta a pou Travay depi Lakay yo Apati Demen***

***Òdone Gouvènman Lokal yo pou Diminye Mendèv yo a 50 Pousan epi Pèmèt Anplwaye ki Pa Esansyèl yo pou Travay depi Lakay yo***

***Vil New York, Nassau, Suffolk, Westchester ak Rockland dwe genyen sèvis gadri edikatif ak pwogram manje ki anplas vè minwi e anfen, ki apwouve pa Eta a***

***Eta a pral Ouvri Enstalasyon Tès Mobil Sou Volan nan Staten Island — Premye Enstalasyon nan Vil New York - ak Konte Rockland***

***Eta New York ap anile tout frè pak yo nan pak eta, lokal ak pak konte yo***

Pandan yon nouvo kontrandi, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon Dekrè Egzekitif ki pèmèt eta a ogmante kapasite lopital pou prepare sistèm swen sante eta a pou jere afliyans pasyan potansyèl k ap soufri ak COVID-19 la.

Eta a ap prepare Gad Nasyonal la epi travay ak sendika konstriksyon ak devlopè prive yo pou jwenn enstalasyon ki egziste -- tankou dòtwa ak ansyen mezon retrèt -- ki ka konvèti pi fasilman an etablisman medikal, avèk objektif pou kreye 9,000 kabann adisyonèl. Gouvènè a te mande gouvènman lokal yo tou, espesyalman sila yo ki nan zòn ki pi afekte yo, pou ede idantifye enstalasyon ki disponib pou rezon sa. Depatman Sante (Department of Health) Eta a ap stope règleman yo pou pèmèt lopital yo ogmante espas ak kapasite yo.

Gouvènè a te mande Prezidan Asosyasyon Lopital Rejyon Metwopolitèn New York la (Greater New York Hospital Association) Ken Raske ak Prezidan Northwell Health, Michael Dowling pou dirije yon konsèy pou devlope kapasite lopital pou mas moun.

"Priyorite prensipal nou kounye a se diminye to pwopagasyon viris la pou sistèm swen sante nou an ka jere l", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pa t janm goumen kont yon viris konsa ki gen konsekans potansyèl sa, e m ap pran mezi egzekitif pou repare epi

ogmante kapasite lopital atravè eta a pou asire ke enstalasyon swen sante nou yo ka jere yon vag pasyan an mas potansyèlman. N ap goumen yon gè kont viris sa e eta a ap kontinye franchi chak etap ki nesèsè pou prepare pou viris la epi diminye enpak li."

Gouvènè a te òdone anplwaye ki pa esansyèl nan tout eta a pou travay depi lakay yo apati demen. Gouvènè a te òdone gouvènman lokal yo tou pou diminye mendèv jeneral yo a 50 pousan epi pèmèt anplwaye ki pa esansyèl yo travay depi lakay yo.

Aprè enstriksyon Gouvènè a pou fèmen lekòl nan Westchester, Vil New York, Nassau ak Suffolk yè, Gouvènè Cuomo te deklare ke konte yo oblije soumèt plan gadri ak repa yo bay eta a pou apwobasyon vè minui aswè a.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta New York ap anile tout frè pou pak eta, lokal ak pak konte yo.

Anplis, Gouvènè a otorize Eta a ouvri yon enstalasyon mobil sou volan nan Staten Island - premye etablisman sou volan nan Vil New York - ak Konte Rockland. Sa vini apre siksè sant tès mobil New Rochelle la, ki te ouvri 13 mas. Enstalasyon tès mobil sou volan yo ede kenbe moun ki malad oswa ki gen risk pou kontrakte coronavirus la lwen etablisman swen sante yo, kote yo ta ka enfekte lòt moun. Enstalasyon sa yo se yon pati enpòtan nan kad pwogram Gouvènè a ki lidè nan peyi a pou teste plizyè milye moun pa jou pou COVID-19 semèn sa.

**Manm Kongrè Max Rose te di,** "Li enpòtan anpil pou ogmante tès yo nan yon fason ki pa depase lopital ak pwofesyonèl swen sante nou yo. Tès sou volan an se yon fason ki pwouve pou fè sa e mwen remèsye Gouvènè a k ap travay ak nou pou rann Staten Island premye sit nan vil la. Se kalite mezi desizif sa ke elektè nou yo atann nan men lidè nou yo nan yon kriz e m ap kontinye travay ak Gouvènè a pou asire Moun New York yo genyen tout resous ki disponib pou yo konbat epidemi an."

Gouvènè a rekòmande fòtman ke sèlman sèvis ak biznis ki esansyèl - episri, estasyon gazolin, famasi ak etablisman medikal yo - rete ouvri apre 8 è pm. Pi bonè jodi a, Govènè Cuomo, Gouvènè New Jersey a, Phil Murphy ak Gouvènè Connecticut la, Ned Lamont [te anonse](#) yon apwoch rejyonal pou konbat COVID-19 la nan tout rejyon twa-eta a, ki genyen ladan l nòm inifòm pou limite kapasite foul pou rasanbleman sosyal ak lwazi yo a 50 moun, epi òdone pou restoran ak ba yo sispann sèvis sou plas yo tanporèman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)